QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«27» декабрь 2021-у. №01-02/01-5852 «_____»-___________ 2021-j.

**Қоңырат районы ҳәкими**
**Қ.Ж.Халмуратовқа**

**Ҳүрметли Қаллибек Жолдасбаевич!**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 16-декабрьдеги мәжилис баянламасында белгиленген тапсырмаларды орынлаў ҳәм 2021-жыл 17-декабрь күни Қоңырат районы "Қоңырат" аўыл пуқаралар жыйыны пуқаралары ҳәм де 45-санлы мектеп оқытыўшылары тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине жоллаған мүрәжатын үйренип шығыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 20-декабрьдеги 297-санлы буйрығы менен исши топар дүзилип 21-декабрь күни Қоңырат районы 45-санлы мектепке үйрениў жумыслары алып барылды.

Үйрениў даўамында улыўма орта билим бериў мектепте бир қанша қәте-кемшиликлердиңде бар екенлиги анықланды.

1. Атап айтатуғын болсақ, 45-метеп директорының 2021-жыл 6-декабрьдеги Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў бөлимине жоллаған мүрәжатында "45-мектепте бала саны азайғаны себепли, Қоңырат районы жергиликли депутатлары менен районлық халық билимлендириў бөлими баслығы Ф.Ерғуланова мектепти 10-санлы мектептиң филиалы қыламан деп, ҳәрекет етип атыр", "Мектеп ашылғалы берли, маған бала санын толтырыўда Прокуратура секторы, Маҳәлле ақсақалы, Депутатлар, Ҳәкимият, Халық билимлендириў бөлими тәрепинен усы күнге дейин ҳеш қандай жәрдем берилмеди" делинген.

Бул бойынша үйренгенимизде:

Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлиминиң 2021-жыл 29-ноябрь күни 45-санлы мектепте өткерилген жыйналысының баянламасында 45-мектепти филиалға айландырыў бойынша ҳеш қандай сөз айтылмаған. *(баянлама нусқасы қосымша етиледи)*.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 15-марттағы "Улыўма орта билимлендириў туўрысындағы Режени тастыйықлаў хаққында"ғы 140-санлы Қарары Режесиниң 5-бап 39-бәнтинде "Мектеп жасындағы балаларды улыўма орта билим бериўге тартыў район(қала)лық ҳәкимликлердиң қарары менен улыўма орта билим бериў мәкемелерине бириктирилген аймақлар (микроаймак) шеңберинде улыўма орта билим бериў мәкемеси педагог хызметкерлери тәрепинен балаларды бирме-бир (үйме-үй) дизимге алыў арқалы әмелге асырылады" делинген.

Мектепте усы қарар тийкарында жумыс алып барылмаған. Яғный усы күнге шекем мектеп педагог хызметкерлерин микроаймаққа бириктирилгенлиги ҳаққында мектеп буйрығы шығарылмағанлығы ҳәм аймақтағы 0-18-жас аралығындағы балалардың дизимлери қәлиплестирилмегенлиги анықланды.

2. Қоңырат районы "Қоңырат" аўыл пуқаралар жыйыны пуқаралары ҳәм де 45-санлы мектеп оқытыўшылары тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине жоллаған мүрәжаты бойынша мектепте жыйналыс өткерилди ҳәм мүрәжатшылардың пикирлери тыңланды. Жыйналысқа қатнасқан мүрәжат ийелериниң барлығы бир аўыздан мектеп директоры өз лаўазымына ылайық емеслигин билдирип, жумыстан босатыўын сорады. Мүрәжатқа Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 23-декабрьдеги 03-02/1-5789-санлы хаты менен жуўап берилди.

*(жыйналыс баянламасы, пуқаралар ҳәм мектеп муғаллимлериниң түсиник хатлары нусқалары қосымша етиледи).*

3. Ҳақыйқатындада мектепте саламат орталық бузылған, тәлим-тәрбия процеси өз жайына таслап қойылған, мектеп ҳүжжетлери дурыс жүритилмеген. Үйрениў нәтийжесинде анықланған кемшиликлер бойынша 45-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң директоры Д.Балтамуратоваға Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-декабрь күнги 64-ИЖ-санлы буйрығы менен Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 2-бәнти тийкарында орташа айлық ис ҳақысының 30 пайызы муғдарында жәрийма салынды.

Буннан алдын Д.Балтамуратоваға өз лаўазым ўазыйпаларына немқурайдылық пенен қарағаны ушын Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-майдағы 28-ИЖ-санлы буйрығы менен Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 181-статьясының 1-бәнти тийкарында "СӨГИС" интизамий жазасы берилген.

*(Исши топар тәрепинен үйренилип шығылған мағлыўмат, берилген жаза шараларының буйрық нусқалары қосымша етиледи).*

4. Жоқарыдағыларды есапқа алып, Сизден Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 6-ноябрьдеги "Өзбекстанның жаңа раўажланыў дәўиринде тәлим-тәрбия ҳәм илим-пән тараўларын раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-6108-санлы Пәрманы ҳәм 2020-жыл 6-ноябрьдеги "Тәлим-тәрбия системасын жәнеде жетилистириўге байланыслы қосымша ис-илажлары ҳаққында"ғы ПҚ-4808-санлы қарары тийкарында қабыл етилген Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 30-июньдағы "Улыўма орта билим бериў мектеплери директоры лаўазымына талабанларды дәслепки тәризде таңлап алыў тәртибин тастыйықлаў ҳаққында"ғы 202-санлы буйрығына ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 16-декабрьдеги мәжилис баянламасы қарарына тийкарланып 45-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры Д.Балтамуратованы ийелеп турған лаўазымынан азат етиў мәселесин Халық депутатлары Қоңырат районлық Кеңеси сессиясында қарап шығып, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине жуўмағы бойынша шешим шығарып бериўиңизди сорайды.

**Ҳүрмет пенен,**
**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министри** **Р.М.Реимов**

Орынлаўшы: Ж.Раметуллаев
Тел: (61) 222-16-51

Xalq ta'limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo'lishingiz mumkin

www.uzedu.uz t.me/uzedu facebook.com/uzedu instagram.com/uzedu.uz